1944 гъэм и гъатхэ пасэт. Уэс цlынэр Іуву къехырт, къуэкlыпlэмкlэ жьы щыlэр къыщеуэрт. Башиевыр зыхэт полкым псом адрыщІкІэ зыщиргъэбыдэрт. Ар ягу темыхуэу фашистхэр кьарууштхуэкlэ егбгъэрыкlуат, ауэ тlанкипщl яфlэкlуэдауэ икlуэтыжьын хуей хъуащ. ЗыхэщlагъэуIуаэу ди дзэхэр ипэкlэ кlуатэрт. Куэд ямыкlуу лагъымкlэ зэущlабла губгъуэм щыхуэзэм, ди зауэлlхэр игъуэлъыкlащ. Іьагапlэм хащlыхьа дзотхэм кьиукlыурэ, абыхэм биишэр трагъэлъэлъащ. Ар къызэтегъуэныlэн хуейт. Полкым и комсорг Башиев Магомет зи нэхъыжь гупым іьагапlэм зритри, дзотхэм кьыпикlухьащ икlи аэхэр гранатэкlэ зэтрикъутащ. Пщыхьэщхьэм Джанкой къалэр хуит къащlыжащ, махуищ дэкlри, Симферополь фашистхэр дахужащ.

Сапун бгы цlэрыlуэм дежи Башиевыр къыщыхэжаныкlащ. 1944 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м ди дзэхэр еблъэрыкlуэн хуейт. Топрэ кхъуэльатэкlэ сыхьэткlэ бийм и быдапlэхэр «нравыкlа» нэжьж, ди зауэлlхэм зрачащ. Фашистхэр ерыщу къапэщlэтт. Я командирыр щыхэкlуадэм, абы и къалэныр Магомет кьищэри, ротэр иришэжьащ икlи Сапун бгым и іьапэм щитlысыкlа бийм и быдапlэр пхатхъащ. Іэпщэрызауэм щыхэкlуэм, Башиевым фашистиплl хигъэщlащ. Зыкъыщищlэжар етlуанэ махуэрщ. УІэгъэ хьэпъэ хъуати, зэуапlэ Іэнатlэм кхьыlухащ.

- Ажалыр зэпымыууэ къыдэщакlуэми, си насыпкъыри, псэзэныпхъэпlэ куэдым сыкъинкlащ. Болгарием, Югославием, Австриеи, Венгриеи я щыналъэхэр хунт кьыщытщlыжьым, фашистхэм я пщыпlыпlэм кьыlэщlэтха щыхухэр гуфlэ нэпскlэ кьыгъпежьэрт, дэри абы ерыщагърэ къаруущlэрэ хунт кьыщытщlыжьым, фашистхэм я пщыпlыпlэм кьыlэщlэтха щыхухэр гуфlэ нэпскlэ кьыгъпежьэрт, дэри абы ерыщагърэ къаруущlэрэ хунт кьыщытщlыжьым. Абы щыгъуэ Хэку зауэшхуэм и орден, Венэрэ Прагэрэ кьыхэзащтам папщlэ медалэхэр кьыслхуагъэфэщащ щытащ, - къиlуэтэжьырт Магомет а зэман хьэлъэм и нэгу щlэкlащ щlэрыщlэу псэкlэ игъэвыжу.

Текlуэныгъэм и махуэ льапlэм майор Башиевыр Чехословакием щыlущlащ. Ар яхэтащ Майм и 9-м и ужькlэ Прагэ и Іэшэлъашэм зыщызыуфыгъуа фашист хуэмэбжьымэхэр зэхэзыкlуагахэм.

1946 гъэм Азие Курытым ягъэкlихъуа и Іыхьлъхэр Ош областым къыщигъэтыжри, Магомет мамыр гъащlэм зритыжащ. Хамэщlым щыщlа иlъэсхэм областым и промкооперацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэу, унэгъащlэ кьыщыщlагъэкlфабрикэм и унафэщlу лэжьащ. Абы и жэрдэмкlэ куей псор хьэкъущыкъукlэ кьызэзыгъэпэщцех яухуащ.

И льахъэм кьигъэзэжа нэжьж, Палшык дэт промкомбинатым и унафэщlу ягъэкlуащ. А Іэнатlэм зригъэубгъуащ икlи фэ-галантерей фабрикэ кьызэlуихащ. И зэфlэкlыр кьаратьтэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым цlыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ и министру ягъэуваш, пенсэм тlысыжыхункlи а къаlэныр дагъуэншэу иlъэс пшыкlухкlэ ирихьэкlащ. И лэжьыгъэфlэм кьыпэкlуэу абы кьыхуагъэфэщащ «Гуащlэдэкlым и Бзракъ пlыкlжь», «Іьэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэ» орденхэр.

Магомет еджакlуэ щыкlуэхэм я ныбжьэгъуфlт, кьытщlэхьуэ щlэблэр хэкупсэу кьызэгъэтэджьным и Іужум жьыджэру хэтти, школхэм щlэх-щlэхьыуэр ирагъэблагъэрт.

1997 гъэм Башиев Магомет дунейм ехьжами, и Іыхьлъыхэм, кьэзыщlыхьуу щытахэм абы и фэеплъыр ящlгъуплъщlэкlым, кьытэна Іуэхуфlхэм я щапхъэм я щlэблэр щlапlыкl.

ЗАНКИШИЕВ Хъусейн.

●Сурэт гъэтlыгъыгъэхэр

КъБАССР-м и цlыхубэ артист Болэ Мурат гримёрнэм зыщегъэхьэзыр. Абы Лениным и ролыр егъэзащlэ.
Сурэтыр **Колесников Иван** *трихащ. 1975 гъэ*

ЩОДЖЭН Леонид Сулеймэн и къуэм и усэхэр ди газетым щlэх-щlэхьыуэ кьытохуэ. Ди нэхъыжьыфым и сабий усэхэм хуэныкъуэщ езы щlэблэрри ахэр зыгъасэхэри. Абы и щыхьэтщ ар ирагъэблагъэуэ сабий садхэмрэ курыт еджапlэхэмрэ щрагъэкlуэкl зэзыщlэхэр.

Композитор кьыдэлажьэхэм я фыгъэкlэ Леонид и усэ 30-м щlигъу уэрэд хъуащ, абыхэм я нэхъыбэр сабийхэрщ зыхуэгъэзар. И усэ зыбжанэ сабий садхэмрэ пэщlэдзэ школхэмрэ я программэхэм хагъэхьауэ ирагъэдж.

ЖыпIэнурамэ, Леонид жыджэру яхэтщ щlалэгъуалэр зыгъасэхэм, щlэблэр я анэдэлъхубзэмрэ тхыдэмрэ дегъэхьэхьыным теухуауэ лэжьыгъэ пыухыкlа зыщlэхэм.

Кьыдигъэкlыну игъэхьэщар тхыпхым хигъэхьэну усэщlэхэм ящыщщ нобэ теддэр.

Льахэ льапlэ

Дэ ди льахэр
Льахэ дахэщ,
Льахэу щыlэм
Я нэхъ дахэщ:
Іуащхьэмахуэ
Іуащхьэ дахэщ,
И щхьэщыгуэм
Щыщlымахуэщ,
Щыщlымахуэ
Дахэщ,
И жьэгъу щхьуантlэм
Щыгъэмахуэщ,
Щыгъэмахуэ
Дахэщ.
Ди псыкъелъэхэр
Тельыджэщ,
Ди Гуэл Щхьуантlэр
Щым и гуэджэщ,
Ди мэзышхэр
СыткІи бейщ,
Хьэкlэжъхуэкlи
Щыкуэдлейщ,
Пхъэщхьэмащхьи
Щыкуэдлейщ,
Бэвым губгъуэхэр
Кьекъутэ,
Хъупlэм щыхэр
Щызольатэ...
Дэ ди льахэр
Льахэ дахэщ,
Льахэу щыlэм
Я нэхъ дахэщ,
Льахэ дахэр
Догъэльапlэ,
Льахэм дещlыр
Дэри льапlэ.

Дуней щlэрыпс

Нобэ махуэр,
Уей, щlэрыпсщ,
Кьогуэпэкlыу
Ар дыгъэпсщ,
Ящlэ классым
Сэ сыщlэсщ,
Партэгъу щlэрыпс
Сыбгъэдэсщ,
Си щыгъныкэри
Щlэрыпсщ,
Ди еджапlэри
Щlэрыпсщ,
Ди класс пэшыр
Уей, щlэрыпсщ,
Нэхур кьунту
Ар щlэрыпсщ...
Нобэ махуэр,
Уей, щlэрыпсщ,
Кьогуэпэкlыу
Ар Іэфlыпсщ.

Ди жыг хадэр

Ди жыг хадэм и псэр
псыщ,
Хуабэ-щабзу, и псэр
псыщ,
Ди жыг хадэм
и бзэр бзущ,
Жьгъыру дахэу и
бзэр бзущ.
Гъатхэ хуабэр, мис,
кьохьэж,
Хадэм и псэр кьыхохьэж,
Бзухэр, еплъыт,
кьолъэтэж...
Дауэт, хадэр кьопсэльэж.

Жьзымгъэкlі

Ей, мыгувэу
Уэс кьесынущ,
Уэсым жьзымэр
Исынущ.
Белыр кьащти,
Хадэм кlуэ,
Хадэр кьэтlи,
Кьэупсхэр щlэтlэ,
Ухъунщlауэ
Кьуэпсхэр щlэтlэ.
Мис итlанэ
Етlанэгъэ
Жьзым кьуэпсхэр
Кьэптlыжьынщ,
Жьзым кьуэпсхэу
Кьэптlыжахэм
Жьзым бзви
Кьапыкlэнщ.
Мис итlанэ
Жьзымгъэкlхэм,
Пцы хэмылъу,
Ухабжэнщ,
Мис итlанэ
Іэщlагъэлlхэм,
Уей, я фlэщу
Ухабжэнщ.

Сабингъуэ

Уэшхыр кьешхми,
Дэ догуфlэ,
Уэсыр кьесми,
Дэ догуфlэ,
Дыгъэр кьепсми,
Дэ догуфlэ,
Псым дыхэсми,
Дэ догуфlэ...
Бзу уэрэдхэм
Дагъэгуфlэ,
Я фlэщыпсу,
Сэ Іэфl цlыкlуэ
Кьыщlызэджэр.

Сыт нэхъ гуапэ?

- Сытым щыгъуэ
Сыт нэхъ гуапэ?
- Гъатхэм щыгъ уэ
Дыгъэр гуапэщ.
- Нэгъуэщl сыт
Нэхъ гуапэ?
- Махуэр хуабэм,
Псынэр гуапэщ.
- Нэгъуэщl сыт
Нэхъ гуапэ?
- Сытым щыгъуи
Нанэ гуапэщ.
Ар Тхъэм гуапэу
Кьигъэщlащ.
Псом нэхъ гуапэу
Кьигъэщlащ.

Укуэдмэ - ульэщщ

Зы уэшх ткlуэпсым
Куэд и гъуэсэм,
Мэхъур
Ар уэшхышхуэ,
Мэхъур
Ар уэшх льэщ,
Зы жьыг закъуэм
Куэд и гъуэсэм,
Мэхъур
Ар мэзышхуэ,
Мэхъур
Ар мэз льэщ.
Зы цlыкlу закъуэм
Куэд и гъуэсэм,
Зэгурыlуэхэу зэгъуэсэм,
Ахэр мэхъур
Льэщ,
Сытми япольэщ.
Сэри ар
Иджы кьэсщlащи,
Ныбжьэгъуфlэ
Си куэдщ,
Гъуэ пэж
Дыз эхъуэщи,
Дэ иджы
Дыльэщщ,
Сытми
Дыпольэщ.

Умыгъ

Уи хьэмаскlэр
Пфlэкlуэдамэ,
Абы хэлъкъым
Ущlэгъынн...
Дэнэ кlуэн
ХьэмаскIэ цlыкlур?
Кьижьыхьынщи,
Кьэкlуэжьынщ,
Уи льэгуажьэр
Теудамэ,
Абы щхьэкlи
Уэ умыгъ,
Хущхьуэ щыхуэ
Теудами,
Псынщlэ дыдэу
Ар хьужынщ.

Уэ зэгуэрым «тlу»
Кьэпхьами,
Абы щхьэкlи
Уэ умыгъ,
Дерс кьуатахэм
Уегубгъунщи,
«Тху» дах эшхуэр
Кьэпхьыжынщ.

Кьащlыпами
Уэ уи жагъуэ,
Зыбгъэгъусэуи,
Умыгъ,
Кьыпфlащынщи уэ
«Гъырин»,
А цlэ лейри
Кьепхьэкlынщ.

Улы быдэм,
Уи Іэщ у асэ.
Хбэщэчмэ,
Куэд плъэкlынщ,
Щlыумыгъэкlыу нэпс
Зегъаси,
Лы мышыни
Кьыпхэкlынщ.

Щэху

Мазэм, Дыгъэм
Сыт я щэху,
Щlым и щlагъым
Сыт и щэху,
Ди мэзыжьхэм
Сыт я щэху,
Ди гуэлъжьхэм
Сыт я щэху?
Щэху зимыlэ
Зы щымыlэ,
Ауэ щэхуэхэм
Хуеджэн хуейщ,
Ауэ щэхуэхэр
Кьэщlэн хуейщ,
Щэху кьэзыщlэр
Ар цlыху Іущщ,
Щlэныгъэлlхэм
Ар ящыщщ.

Щы Іу пlэрэ Іэмал гуэр?

Хэт хуэмейр?
Хэт хуэмейр
Псынщlэу
Нэхъ ин хъуну,
Псынщlэу
Балигъ хъуну?
«Гъуэлъыжь!» - жаIэу,
Кьомышхыдэу,
«Кьэт эдж!» - жаIэу,
Кьомыдауэу,
Щы Іэу пlэрэ
Іэмал гуэр,
Щы Іэу пlэрэ
Хущхьуэ гуэр?
Іэмал щlыlэм,
Ззэгъэщlэнт,
Хущхьуэ щыlэм,
Кьэсщэхунт.

Уэсыр тызогхъу

Уэсыр
Пщlантlэм
Дзэ кьэхъащ,
Уэсым льагъуэр
Щlихъщащ.

Иджы, пщlэрэ,
Хьэнцэ цlыкlукlэ
Уэсыр
Льагъуэм
Сэ тызо тхъу,
Куэбжэм нэс
Тызотхъу.

Си хьэжь цlыкlури
Си ужь итщ:
«Псынщlэу,
Псынщlэу!» -
Жьlэ хуэдэ,
Сигъэпlащlэу
Си ужь итщ.

Щlакхъуэ Іыхьэ

Ди нэхъыжьхэм жаIэу
Куэдрэ зэхэсхащ,
Сэри мис а жаIэм
Дерси кьыхэсхащ,
Иджы си хьэл-щэну
Ар дунейм сытетщ,
Зыкlи сымыщlэну
Сэри ар сыхэтщ:
Уи пщlэнтlэпскlэ
Щlакхъуэ Іыхьэ,
Щlакхъуэ Іыхьэ
Кьэблэжьа,
Уи пщlэнтlэпскlэ
Щlакхъуэ Іыхьэ
Кьэблэжьарэ
Ар пшхыжа,
Уи насыпу
Мис ар хьэлщ,
Мис а пшхари
Уи хьэлэлщ!

● Усэщlэжэр

Бзу уэрэдхэм дагъэгуфlэ

Уда гъэгъаэхэм
Дагъэгуфlэ,
Цlыхухэр псорн
Кьытхуогуфlэ,
Дэри ахэм
Дахуогуфlэ...
Ди зэманыр
Сабингъуэщ,
Сабингъуэр -
Ар гуфlэгъуэщ.

Щыхь

Сыту льагэ,
Сыту пагэ
Мэзым мо щыхь
Кьыхэжар,
Сыту льагэ,
Сыту пагэ
Кьапльэу
И пlэм ижьыхьар:

И нэзхуитlыр
Псынэ кьабзэщ,
Льакъуэ пытхэри
Псынщlабзэщ.

Бжьакъуэу тетхэр
Жьг кьудамэщ,
Уеплъмэ, пфlощlыр
Те ту дамэ.

Жьыхум хуэдэу
Ар зольатэ.
Псом нэхъ дахэуи
Кьальытэ.

Іэфl цlыкlу

Нанэ Іэфlу
Си псэм хэлъщ,
Дади Іэфlу
Си псэм хэлъщ,
Сэ си ани,
Сэ си ади,
Си шыпхьу цlыкlури,
Си дэльху цlыкlури -
Псорн Іэфlу
Си псэм хэлъщ.
Ауэ щыхьукlэ,
Ауэ щыхьукlэ,
Сэ Іэфl защlэу
Сыззэхэльщ.
Арагъэнущ,
Арагъэнущ
Сэ Іэфl цlыкlукlэ
Кьыщlыззэджэр,
Псорн, псорн,
Бзэлрыгъыркъым абдежьм шыхьуэри,
Зредз шыпхьуэ...
Шы хакlуапщlэм ар ящэ кьохутэ,
Кьрешажьэ арыхxэу шы гуартэри,
Ямыщlэхxэу кьыlуешыр щыхупlэм,
Кьольэджжэр зэрыта губгъуэм...
Зрапхьэжхэри хьуакlуэу йожьжжэр,
Щlагъэlауи щхьуэжьхъэм ящlэжыркъым.
Сэ сохьуапсэ а шыхьуэм и лIыгъэм,
Іуищыфкъэ шыхэр щыхугъуэм...
Нобэ машlэ Іуахуахэр щыхугъуэ,
Ди цlыху цlыкlуу мы зэман гужьеигъуэм...
Зыри сэ ахэм щыщ кьыслхуегъэлкlыми,
Зеукlыж, зешхьыхьыж си гу Іэлым...



Сынартыху хьэдэщ сэ, сынартыху хьэдэ...

Сынартыху хьэдэщ сэ, сынартыху хьэдэ,
Сыкьэжьыкlынущ ауэ щым сыхэбдэзэм.
Сыт уи гугъэ си бынхэм
я нэр щlэфlыщlэр?
Пльэурэ хьауаи щыгулъ фlыщlэжьыкlэ...

Сыкъэжьакъэ, уэшхыпсым сефэнущ,
Кьыслуры ж у, сабий быдзэафэу.
Сыхэхъуэнущ итlанэ - си зэрыпlпlэхэр
Жэщ кьэсхьухкlэ зэрыпкlыу, дыпlэу.

Нанlэ цlыкlухэм кьыщlэльадэм нэпсыр,
Щхьэц кьыстокlэ, зыльагъур кьехьуапсэу.
Щхь уэш хьужжэу жьым сыззрихуэу,
Сытетыныр щ дунейм си махуэри...

Ауэ, си Тхьэ, зы льэлу пхузиlэщ,
Ар си щэхуци зымя жомыlэ.
Сыкьэгъэжlжьалпхьэфlкlысхэжьыхужьlэ,
Содэ итlанэ, щхьэлынэм сихуэми...

А щхьэлынэм уихуам, хьэжжыгъэщ,
Срепщ нанэ и Інтl мызагъэм.
Сыкьиджэлрэ абы и тебэжьым,
Сытеджалэу Іэнэм, мэ жаджжьу.

Сэ сыхъуфыну щытамэ мывэ...

Седжэну сыхунэсакъым,
Ди бийхэм школыр ягъэсати...
Сыгъар белыкlщ, кьалэмым и пlэкlэ,
Сыцlыкlуми щlыр къэстlащ абыкlэ.

Іуащхьэмахуэ и жэуап

1



Ди Іуащхьэмахуэу
Щхьитl зыфlэт,
Уэ къолъэгкlі
Мы ди щlым имыт.
Пlэтауэ щхьитlри
Дэнэ уплъэрэ?
Ахьи зи инагъи
Уэзэрпыплъу...

2

Ахьини сызэпропль
Икlи сыхоплъэ.
Щlэтlысыкlащи куэд
Си дежкlэ кьаплъэурэ...
Абы икlахэм
Кьагъэззэжьыным сожьэ.
Гъуэщнкъэ
Си щхьэр,
Ахэм ямыльагъумэ...

Лъэныкъуэ куэд къызэщlаубыдэ

ІЭЩЫЖ Борис Уэзыр и къуэр 1939 гъэм Тэрч районым хыхьэ Дей къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ курыт школыр кьиуха нэужь, ар Дербент дэт мэкъумэш техникумым щlэтlысхьэри агроном Іэщlагъэр зригъэгъуэтащ. Борис тхэн щlидзат курыт еджапlэм щыщlэда гъэхэм. 1963 гъэм абы и ящэ тхыгъэ «Іуащхьэмахуэ» журналым кьытехуауэ щытащ. Зи щlэныгъэр хэзыгъэхъуэну щlэхьуэпс тхакlуэ щалэр Горький Максим и цlэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым щlэтlысхьэри, 1977 гъэм кьиухащ.

И ужькlэ ильэс 20-м щlигъукlэ ар щыlэжьащ Тэр ч къалэ дэт налкь ут Іэмэпсымэ кьыщlэзыгъэжlащ заводым.

Іэщыж Борис адыгэбзэмкlэ кьыдигъэжлащ и усэхэр зэрыт «Сызыплэпльа гъатхэ», «Мыщэ цlыкlу», «Мафlэхьхьумэ» тхыльхэр.

И гупсысхэмрэ гурыгъу-гурыщlэхэмрэ нэсу кьыщыгъэльэгъуа тхыгъэхэм кьыхощ анэ гумызагъэм, хэкум, ди льэпкъым и блэкlам, насыпым, цlыхухэм я дунеи тетыкlэм, гупсысжлэм теухуа хьыбархэр.

Нобэ фи пащхьэ идольхьэ абы и усэщlэхэм ящыщ зыбжанэ.



Кьэкlуэжат хэхэсыр зыпльыхьакlуэ

Кьэкlуэжат хэхэсыр зыпльыхьакlуэ,
Здихь и пхъэ кьымыгъанэу макlуэ.
Хуримыкъу, ди дыгъэм и дыгъэпсыр,
Хуримыкъу ирифымкlи нарзаныпсу...

Уэтум хуарэзу ит кьуршыбгъэм
Льэlэсамэ, щlикъуэамэ и бгъэм.
Іэр кьекlуэжlкlым мывэ абрагъуэхэми,
Ныдэпщейуэ кьольыхьыж, игъэщlагъуэу.

Йопхъух аби, псыхъуэм дэлъ мывэм
Щыщ зы кьещтэ: сыкlуэжынущ мыгувэуи,
Мыр здэс хьынщ си Хэкужь и фэеплъу, -
Зэрыжиlэуи и гур кьыхуольыр:
- Дауэ хьуну, - жи, - хамэщlу уэ щыбгъэвым
А кьэщтар кьигъачэм хуэмыгъэву?
Мывэр здэщыльам егъэтlыльыжри,
Зыри кьэмыхъуа хуэдэу йожьэжыр.

Жьэгу мафlэ

ПIэнкlыжу маблэ ди нанэ и жьэгу мафlэр,
Кьекlуэкlыу зыхьми,
сыт хуэдэу щыгуфlыкlрэ.
Зэрыщlэкlыжуи и гум епхъуэжьынурэ,
Кlэльыщlэжьынущ мафlэр
зыхьу кlуэжым...
Мзув ку эбкlэпэми, кlэпъоплыр дыхьэжьыу,
Щытынущ мафlэр зыщlым и
Іугъу эр ильагъуу.
Сабий кьагъакlуэм, Іэнэщlу егъэкlуэжыр -
Сэ сщlэрэ, жи, абы и щхьэм щызэжэр...
Щымыгъупщэж абы зауэ блэкlар,
Мафlэ лыгъейуи кьытеублэрэкlар...
Хуэмыгъэувыlэжу езы мафlэ
дыдэм и тхьэми,
Гъырт нанэ, ягъэсахэм ят епыкъу...
Жьэгу мафlэм, дакъэжь мафlэр
кьыщыззэгуэчу.
Кьыззэрищlыкlа чырбышхэри кьигъачэу
И дэпу хьуахэр абы зэбрыщlельэми,
Кьигъэльеижурэ жьэгурщ
зыдэльэльэжыр.

Ящыщуи зы закъуэ х эльеикlыу,
И хьуреягъкlэ лыгъэр ярищlэкlкъым.
Щым щамыщlатэм, жьэгу мафlэ нэхъ ин,
Мы дунежьым псэ куэд кьыщlелынт.

Шыхъуэ

Ди мэз льапэм шы гуартэ щохъуакlуэ,
Кьохъур щхьуэжьхэри абы кьыщецщакlуэ.
Ирахужьэрэ шыхэр щlагъэlэм,
Нэхъ льэрымыкъыкъым абыхэм
кlэлъеlэхэри...
Мывэр гулъэкlэ кьуэм дагъэльапlэ,
Кьыпфlегъэщlы шы льэ макъ
зэрылъэльым.
Даху щымыгъэр. Зыдэжэн щымыгъуэтым,
Щlольэдэжьыр мэз кlыфlыжь зэхэтым...
Мажэ шыхэр, льапэрапэрэ щlиуэу,
Гужьеяро я нэхэр кlиуу.
Псори мажэ, зыдэжэм хакlуапщlэр,
Ар зыдэжэр езым имыщlэ...
Ихуащ ахэр иджыпсту гужьеигъуэ,
Ямыщlэхxэ жэуи щыхугъуэм.

Бзэлрыгъыркъым абдежьм шыхьуэри,
Зредз шыпхьуэ...
Шы хакlуапщlэм ар ящэ кьохутэ,
Кьрешажьэ арыхxэу шы гуартэри,
Ямыщlэхxэу кьыlуешыр щыхупlэм,
Кьольэджжэр зэрыта губгъуэм...
Зрапхьэжхэри хьуакlуэу йожьжжэр,
Щlагъэlауи щхьуэжьхъэм ящlэжыркъым.
Сэ сохьуапсэ а шыхьуэм и лIыгъэм,
Іуищыфкъэ шыхэр щыхугъуэм...
Нобэ машlэ Іуахуахэр щыхугъуэ,
Ди цlыху цlыкlуу мы зэман гужьеигъуэм...
Зыри сэ ахэм щыщ кьыслхуегъэлкlыми,
Зеукlыж, зешхьыхьыж си гу Іэлым...

Джэду шыр

Джэду шыр хьифlадзащи мэпщlэу,
Хэуваур хэ тщ жыпlэнщ хьэгъэпщlэу.
Зыкlэ мэлу гуузу а макъри,
Щеубыдыкl плъэмыкlыу тэмакъыр.

Бжьыхьэ уэшхри абы кьытошхэ,
Итъэпщlэну и ци тэкlыр зэщlешхэ.
Кьупщхьэм щlыlэр щыхьхьэм йожьэри,
Йопщ хуэмыхьу у, кьеГуэт б жьых
гъуанэжьи.

Мэкъу кlэпlинэ кьельагъу щlэпщхьэну,
Щlыбгъэдыхьэм кьыжьхэоплъэр хьэнэ.
Щlэльщ мэкъу щlагъым, хьэпшырибгъу
зыщlэфыр,
Джэдум и псэр хэкlащ, бэуэжьфыркъым.

Апхуэдизу зыщlышынэри кьэмылъэ,
И шыр щlыкlухэр зыкlэригъэльэлъу.
И дзэльфи абы кьыхуимытl,
Ельагъу щытым и Іуэхур зыIут...

Гуапэу кьоплри, егъэкlэрахьу э и кlэр,
Кьыхохьэжьыр джэдуупсэ тlэкlури.
Ар щотыжьри дакьикъэ Іэнкуну,
Дауэ мыхьуми йожьэ кlуэну...

Хьэпшыр щlыкlухэм ар якlэщlопщхэ,
Кьыльагъэс абым зы быдзэщхьэ...
Щlыухэм я деж щимыгъуэта хуабэр -
Хьэм и деж щигъуэтащ джэдум нобэ.

Іуащхьэмахуэ и жэуап



АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Жэуаплыныгъэр егъэнэхъапэ

●Юбилей

Нартан къуажэм щыщ нэхъыжьыф, щэбэлэм я гъэсакІуэ, ушиякІуэ, жылагъуэ гъащІэм щыжьдэкІэ Пщыбий Сультан Хьанджэрий и къуэр мы махуэхэм ильэс 80 ирикъуащ.

Пщыбий Сультан

ЗИ САБИИГЪУЭР Хэку зауэшхуэмрэ абы и ужь лъэхъэнэ хьэльэмрэ хтубыда, зи адэр пасэу зыІутІэжІауэ ныбжьыщІэм гугъуэхыр зищысыр пасэу зыІхищІащ. И шыпхэныжьыр дзэм ираджат, и анэр сыманджэрилэтри, унагъэр Іуэхуэхэр и пщэм дэлът, и къуэр нэхъыщІэмрэ и шыпхэр къуэрыкІымрэ кІэльыплъхьуейт. Колхозым щылажьащ, я къуажэм дэт сабий унэм хьэльэхьэлъэу щыІащ. Абы кьыхэжІыу, кІурыт еджапІэр кІэщыхьуэзыуэхар ильэситІкІэ нэхъ кІасэущ.

Пионержоатэу эрэпщытар, блын газетым и редколлегием зэрыхэтар, школ гъащІэм тетхьыхьу «Советская молодежь» газетым жьыджэру зэрыдэлэжьар дзэм кІуэ нэхъ сэбэп кьыхуэхьужащ. Ди сэлэтхэм я Іуэхущафэм, я зэфІэкІым теухуа тхыгъэ кущІафІэхэр Минск кьыщыдэкІ «Хэкум и щІыхьым папщІэ» газетым щІэх-щІэхыуэр кьытридзэрт. Пщыбийр дзэм КПСС-м щыхьыхьащ, парт школ нэхъыщхьэм и ильеситІ пщыхьэщхьэ еджапІэр абы кьыщиухащ.

Сержанту кьэзыгъэзэжа щІалэр Налшык машинэуэрэ заводым слесарэу уваш, икІи зэрылажьэм хуэдэуэрэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакцэм деж щыІэ рабочэ, кІуажэ корреспондентэм я курсыр кьыхуахащ. Апхуэдэурэ Сультан насос цехым и блын газетым и редактор хьуащ, конструктор бюром и рационализатор т, парт юмитетым хагъэхьат.

А зэманым предприятэ зэмылІэужьыгъуэхэр куэду ауухэрт, Іэнатіэм зи зауэныгъти, аэрэ ІэщагъэлэхэмкІэ ирикъуу кьызэрэпщІэнэ хуейт. Абы кьыхэжІыу , партым и Налшык кьалэ комитетымрэ и гъэзащІакІуэ комитетымрэ зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэр Іуэхущ1ап1эхэм кьызыхьырт. Апхуэдэ щІыкІэкІэ Пщыбийр республикэм и жылагъуэ шхапІэхэм я Іэнатіэм ягъэжІауэ, Іэпэ ильэсхэм «Нартых», «Лэкъум», «Моро-жнэ» кафехэм я унафэщІащ. И кьалэныр дагъуэнэшэу, егуГуу зэрригъэзащІэр лЫых. Абы и о черкыу, рассказу, нэгъуэщІ и Іэдакъэщ1экІыу 500-м щІигъу «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь» республикэ, «Ветеран» центральнэ газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым кьыхетхуащ, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм псэемыбІэкІэ щІэзэуа дзэм и кьэхъыпІалтэрэ хьыжьэхэм ятеухуа «Кьашыргъэр уэгум итщ» тхылъ купщІафІэр кьыдигъэкІащ. А пкор Сультан зригъэхьулІащ жэуап лыныгъэщхуэ зэпылъ Іэнатіэм кьыщыдэхуэ зэман мащІэр зэригъэзахуэурэ. Егъэлеенигъэ хэмылъу жьипІэ хьунущ абы и Іэдакъэщ1экІэ щхьэщхьэр кьытщІэхъуэ щІэ-лэм я дежкІэ щапхъэу, ди адэжьхэм я фэепІлъхэр гъэлъапІэныкІмрэ хьумэныкІэ хэпхьэныгъэфІу.

И гуащІэдэкІ хьэлэлым кьыпэкІуэр Пщыбий Сультан кьыхуагъэфэщащ «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхэм и илъэсэхэм лэжьыгъэм кьыхэрыхэжьаклам папщІэ», «И къэмылэджэж лэжьыгъэм папщІэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, нэгъуэщІ дамыгъэрэ щыхь тхылъу куэд. ЗэманыкІ хьуауэ ветеранхэм я республикэ организацэм Іуэхугъуэ щхьэпэхэр щыщІэфІех, абы и президиумымрэ и бюромрэ хэтщ, щалэгъуалэр хэкум хуэпэжу, псэкупсэу гъэсэнымкІэ комиссэм и унафэщІ. Езыр Іэдэбщ, гуапэщ, фІэщхьэныгъэ зыхэпІэ ныбжьыгъу пэжщ, пщІэрэ щхьэрэ иІэу гъащІэм щекІуэкІ Іуэхуэхэм щІэпрыт цІыху гумызагъэщ.

Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгуэхьэныгъэм хэт, унагъуэ дахэм и тхьэмадэ Пщыбий Сультан Хьанджэрий и къуэм дохьуэхьу уэзыншагъэ бІэдэ иІэу и бынхэмрэ абыхэм кьалъхужакъэмрэ я гуфІэгъуэ куэд ильагъэну, нобэ ящІэу жыджэру дяпэкІи кьыдедекІуэкІыну, и мурадыфІхэр кьехъулІэну.

КЪУЩХЬЭ Мухьэжид,
ветеранхэм я республикэ зэрегъэхьэныгъэм и пресс-Іуэхущ1ап1эм и лэжьакІуэ.

Шапсыгъхэр ягъэгушхуэ

●Гъуэгуанэ

Гъуэгуанэ щыІэ ныбжьыщІэхэм дунейпсо дзэгуу Сочэ къалэм ныбжьыкІэ щекІуэкІам и ныбжьыщІэ Іэнатіэ къафэмкІэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр. Къалэ-зыгъэпсэхуІэм и утыку нэхъ щІэрыІуэ дыдэм - Щымахуэ Театрым - цІыхур куэду щызэхущІэсат Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу нэгъуэщІ щыпІэ куэдми къыщащІэ гуп щІэрыІуэ. А концертым кьыкІэтыкІуэу етІуанэ махуэм ансамблым зыкъыщигъэльэгъуащ Іъэпкъ щэнхабзэ хэм я центру Іазаревскэ къуажэм дэтым.

- ЩЫНАЛЪЭ куэд дыдэ къызэхэткІухь щхьэкІэ, Сочэ къалэм дызэрыщыІар къызэрыгуэкІ Іуэ хуу къэлъытэркъым дэ, - щыжиІащ «Шапсугия» газетым ирита интервьюм «Кабардинка гупым и художественнэ унафэщІ Атэбий Игорь. - Сочэ зыкъыщыдгъэльэгъуэнрэ пщІэ зыпылъыщ, жэуапльныгъэшхуэ зэпылъ Іэнатіэм кьыщыдэхуэ зэман мащІэр зэригъэзахуэурэ. Егъэлеенигъэ хэмылъу жьипІэ хьунущ абы и Іэдакъэщ1экІэ щхьэщхьэр зэрыгъэзащІэ щІэх-щІэхыуэ щІэзэуа дзэм и къэлъытэркъым, - къыхигъэщащ Игорь. - Іъэпкъ щэнхабзэхэм я центрым щытта концертыр Іуэхущхэу дыдэщ: нужьрейІуэ абы дыщыщыІар илъэс 20 ипэкІэт. А зэманым кьрыбыдыгъэ куэдым зихъуэжащ, ауэ хьыфэІус адыгэ хэм я гу щІанагъэмрэ хьэлэмрэ щІэзэуа зы мэскьалкІи кІуэщІакъым.

«Кабардинка»-м и концерт сыхьэтрэ ныкъуэкІэ екІуэкІам я гуапэу епльащ кьыщхэхуэсахэр. Абыхэм я нэгу щІэкІащ гупым игъэзащІэ къафэ щІэрыІуэхэр зыхэт, У рысейпсо, Дунейпсо фестивалэм текІуэныгъэр кьызэрыгъэцІыкІащ программэр. Атэбий Игорь игъэува «Хыуфэ» щапсыгъэхэм я кьафэ» щІэрыІуэ хьуар зэральэгъуащ концертым кьрихьэлІахэр щыгуфІыкІащ.

- «Кабардинка»-м, «Налмэс»-м хуэдэ гуп гъуэзэджэхэм я кьафэхэр ди дежкІэ жьы кьабзэ Іурыкьэгъуэм хуэдэщ, - жиІэ Іъэпкъ щэнхабзэ хэм я центрым и унафэщІ Хеишхуэ Руслан. - Гъуэзджэм и теплъэ нэхъ уардэ дыдэщ ди нэгу щІэкІар, аращ псэм зезыгъэгъэпсэхуфэр, ди лъэпкъым и щэнхабзэ гъэтІылъыгъэм уригушхуэну Іэмал кьозытыр.

НЫБЭ Анзор.

●Іуэху еплъыкІэ

Зи ужь ихьапхъэ

1950 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щылэжьэн щІадзащ хорым хэт уэрэджьІакІэхэр гупым. СощІэж я лъэхъэнэм абыхэм цІыхубэм дэрэжагъуэ ин кьахуэхьу зэрыщытар икІи щэнхабзэм зегъэужьыным я творческэ зэфІэкІыр хуауэнтІу кьызэрыгъуэгурыкІуар.

Гупым и унафэщІу мужьыбэ яГъуэва Даур Аслъэн адыгэ уэрэдыжьхэр кьигъэщІэрэщІэжащ. Езэш имыщІэу, жэщ-махуэ жимыІэу ар артистхэм ядэлэжьащ икІи радиом и аппаратым нобэ щахьурэ уэрэд тельыджэ куэдыр аращ зи Іэужьыр. Аслъэн щІэрыщІэу итхьыж уэрэдым и тхьідэм яПэ щІыкІэ артистхэр щыгъуазэ щІыпІрт итІанэ пианинэм бгъэдэтІысхьэрти, зэлэжьа макъамэм иригъэдаІуэрт. Зыкъомрэ репетицэ иригъэкІуэкІа нэужь, хорыр екьуэу пленкэм тригъатхэрт. Апхуэдэу уэрэд куэд а композитор тельыджэм и Іэдакъэ кьыщІэкІащ. Абыхэм ящыщщ «Тэуканэ», «Нэкьулэн» адыгэ уэрэдхэр, «Гапалау» балъкъэр уэрэдыр.

Ахэр Іэджэ мэхъу, дэтхэнэм и цІэ иплЭн?! ПхуэмыІуэтэщІыным хуэдизу инщ ди лъэпкъ щэнхабзэм, гъаэджэм лъэужьыфІ кьыщызыгъэна Даур Аслъэн зэфІигъэкІа лэжьыгъэр.

Си тхыгъэ кІэщІым апхуэдау я цІэ кьыщицІуэну сыхуейт радиом и уэрэджьІакІуэ гупым жьыджэру хотаХэу, абы и фондыр кьулей зыщІахэу Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист Хьущт Мурадин, Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ артист Шумахуэ Хьэзрэ1ил сымэ.

Си жагъуэ зэрыхъэнщІ, а гуп телъыджэр якьутэжащ «мылъкукІэ дыпэлъэщыр-кьым, тхуэІыгъынкъым», жаІэри. Пэжщ, абы хэтахэм я нэхъыбэм ІэнатІэ кьагъуэтыжащ, ауэ лъэпкъым дежкІэ мыхьэнэзыщІэ зиІа гупыр зэрымыпхъэжмэщІ ди гъуэзджэм дежкІэ хэщІныгъэшхуэщ. Сыту жыІпІэмэ, адыгэ уэрэдыжьыр ежьу щІэту зытхэІу щыта гупым опернэ спектаклхэм уэрэд щыжаІэу аращ. МазитІым зы опернэ ягъуэгъэхьэзырыр. Ар щІэжысІэращ, адыгэ уэрэдыжьхэм елэжьыну, ятІыжьыну зэман яІщІ. Си щхьэкІэ кІэыСфІощІ Даур Аслъэн игъэзащІэу щыта къулыкъур ХьэІупэ Джэбрэ1ил хьарзынэу хуеХьэкІыну.

ЯХЭГУАУЭ Берд.

Іар илъэс 20 ипэкІэт. А зэманым кьрыбыдыгъэ куэдым зихъуэжащ, ауэ хьыфэІус адыгэ хэм я гу щІанагъэмрэ хьэлэмрэ щІэзэуа зы мэскьалкІи кІуэщІакъым.

«Кабардинка»-м и концерт сыхьэтрэ ныкъуэкІэ екІуэкІам я гуапэу епльащ кьыщхэхуэсахэр. Абыхэм я нэгу щІэкІащ гупым игъэзащІэ къафэ щІэрыІуэхэр зыхэт, У рысейпсо, Дунейпсо фестивалэм текІуэныгъэр кьызэрыгъэцІыкІащ программэр. Атэбий Игорь игъэува «Хыуфэ»ІУс щапсыгъэхэм я кьафэ» щІэрыІуэ хьуар зэральэгъуащ концертым кьрихьэлІахэр щыгуфІыкІащ.

- «Кабардинка»-м, «Налмэс»-м хуэдэ гуп гъуэзэджэхэм я кьафэхэр ди дежкІэ жьы кьабзэ Іурыкьэгъуэм хуэдэщ, - жиІэ Іъэпкъ щэнхабзэ хэм я центрым и унафэщІ Хеишхуэ Руслан. - Гъуэзджэм и теплъэ нэхъ уардэ дыдэщ ди нэгу щІэкІар, аращ псэм зезыгъэгъэпсэхуфэр, ди лъэпкъым и щэнхабзэ гъэтІылъыгъэм уригушхуэну Іэмал кьозытыр.

НЫБЭ Анзор.

Щыгъуэ псалъэ

Адыгэ лъэпкъым и щІыхьыр лъагэу зыІэта Хьалис Кариман

Адыгэ лъэпкъым иІэщ зэрыгушхуэ щІыху щыпкъэ куэд - дзэ кьулыкъым, щІэныгъэм, гъуэзджэм, щэнхабзэм, спортым, я къэщІ Іэнатіэхэми кьыщыжьыкІахэр, дунейпсо цІэрыІуагъэ зыгъуэтахэр. Абыхэм ящыщщ 1932 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м Бельгием щекІуэкІа дунейпсо зэпеуэм щащІэ нэхъ дахэ дыдэу кьущалъэта Хьалис (БжьынэупхъэІ) Кариман.

А зэпеуэм кьрихьэлІат кьэрал 28-м я бзылъхугъэ нэхъ дахэ дыдэхэр, ауэ адыгэ цІыхубзым и гуакІуагъэр зыхузбгъадэ хуэн зэрыщымыІэм мызэ-мытІэу тетхьыхьэзыплъыхьакІуэхэм, усакІуэхэм жаІахэм щыхьэт техъуэрми ярейуэ, зэпеуэм и жюрим хэтахэм Кариман бжьыпэр кьыхуагъэсщІауэ щытащ. А хъыбарым икъукІэ щыгуфІыкІат хъыджэбзым и кьуэпсхэр кьыщежьэ Хэкужьым исхэри, ар щыпсэу Тыркум щыпсэуэхэри.

А щІыналъэтІми исхэр ящ1ы зыгъэнэщхьеят хъыбар кьэІуащ - Хьалис Кариман дунейм ехьжащ.

Ар Тыркум щыщ Драмэ жьалгъуэм 1913 гъэм мазаем и 16-м кьыщыдэхуащ. ЩІэныгъэ, Іэщ1агъэ зригъэгъуэтащ, и ныбжь нэсри, унагъуэ ихьащ икІи и щхьэгъусэмрэ и бынищымрэ зыхуей хуитгъаззу псэуащ. Ар илъэс куэдкІэ Каир дэсащ, ауэ Истамбул кьитхьэзэкри, жужьрей илъэсхэм и Іыхьлыхэм яхэсжащ. ГъащІэ зылъэгъуа бзылъхугъэм и къуэрылъху-пхъурылъху пщыкІущыр зыхуигъэщІын и мащІэткъым. Ар ЦІыху гущІэгъуныр, Хэммыщ1ауэ псэуэхэм, сымаджэхэм ядэ1эпыкъуэт, кьызыхэкІа лъэпкъыр зэи щыгъупщэртэкъым, Тыркум щыІэ Адыгэ хасэхэм я лэжьыгъэм кІэльыплъыт, зэрыхуэзэфІэкІкІи защІигъакъуэрт.

Ильэс 99-рэ кьэзыгъэщІа, дахэу дунейм тета, зи хэмыгъэщІэжьи лъэужьм Тыркум кьыхэзына Хьалис Кариман щІышылэм и 30-м Истамбыл щыщІалъхьэжащ.

Ар дунейм зэрехьажам и хьыбар зэхиха нэужь, Тыркум и президент Гюль Абдулла абы и унагъуэм яхуэгузващ. «Дэ сыт щыгъуи гуапэу дигу илъынщ Хьалис Каримам, - жиІащ абы. - Абы ди къэралым и щІыкІыр лъагэу щІэтауэ щытащ дуней псом. Ататюрк щэджащэм абы Эдже (ПщІэ зиІэ) унэцІэр хуигъэфэщауэ щытащ».

Къэрал куэдым пщІэшхуэ зыщыхуащІу псэуа бзылъхугъэр щІэблэм я дежкІэ щапхъэ дахэщ икІи ар зэи адыгэ лъэпкъым щыгъупщэнкъым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, УФ-м щылсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономие.

МыкІуэщІыжын нур

«Нур» сабий журналыр къыдэкІын зэрыщидзэрэ 2012 гъэм ильэс щэщІ ирокъу. Зэ елъытыгъэкІэ ар зэманыщхуэ дыдэкъым. Ильэс пщІищым къриубыдэу а журналым и напэкІуэцІхэм къытехуащ адыгэ лъэпкъ сабийхэмрэ ныбжьыщІэ щыкІуэхэмрэ яхуэгъэпса, абыхэм я гум дыхьэ, гукъинэж ящыхьуа, жьыпхъэ зэхуэмыдэхэм иту ягъэпса тхыгъэфІ куэд. А пкор щыхьэт а журналыр къыдэзыгъэкІ лэжьакІуэхэр Іэмал зэрагъуэткІэ зэрегупчи, ди адыгэ сабийм и анэдэлъхубзэм зегъэужьыным, абыхэм я щІэныгъэм, зэхэщІыкІым хэгъэхуэным, щІыху щытыкІэ-зэхэтыкІэ дахэм, адыгагъэм щІэпІыкІыным, хуэущиниым.

САБИЙХЭМ яхуэгъэза тхыгъэ курыххэмкІэ «Нур» журналыр зыгъэнщІахэм, зыгъэдэхахэм ящыщщ ди лъэпкъ тхакІуэ-усакІуэхэр. Журналым нэхъыбэрэ зи уса, рассказ е тхыгъэ кІэщІ цІыкІуэхэр кьытехуа тхакІуэхэм, усакІуэхэм ящыщщ АфІэунэ Лиуан, Багъ Николай, Балъкъэщ Батий, Бещтокъуэ Хьэбас, Брай Адэлбий, Гъэунэ Борис, Гъубжокъуэ Лиуан, Журт Биберд, Жьлэтэж Сэлэдин, Кьагьырмэс Борис, Кьанакьуэ Заринэ сымэ я Іэдакъэщ1экІэр, а журналым и яПэ редактору щыта Къэжэр Петр и усэхэр, Къэрмокъуэ Хьэмид адыгэ таурыхъэхэм кьыгрищ1ыкІыжьа и инсценировкэхэр, Нало Заур, а журналым и редколлегием хэт Сонэ Абдулчэрим сымэ я тхыгъэхэр, нэгъуэщІхэми яйэр, езы сабийхэми я тхыгъэхэри хэтыжу.

«Нурым» и ежьулІэныгъэхэм щыщщ а журналым и лэжьакІуэу щыта Журт Биберд абы кьытехуа тхыгъэ нэхъыфІхэр щызэхуэхьэсыжу - ЩыфІщэ Іэдакъэ тхылъыр 1994 гъэм дунейм кьытехьауэ зэрыщытари. Апхуэдэ тхылъэм мыхьэнэшхуэ зэраІэм дегупсысыпхъэт. ТхакІуэ куэдым я Іэдакъэщ1экІ нэхъыфІхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр зырызэхэщ. Ахэр кьыдэгъэкІыжьи зэрыхуейри куэд щІащ.

Дэ дызэрепльымкІэ, «Нур» журналым и лэжьакІуэхэм я Іуэхур нэхъыфІу дэкІынут абы и зи чэзу кьыдэкІыгъуэхэр Интернетым кьыщыбгъуэтыфу щытатэмэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ абы иІэну е зригъэгъуэтыфину щІэджыкІакІуэхэм я бжьыгъэри нэхъыбэж хьунут.

ЗэрегъэфІэкІуэн хэкІыпІэхэм ящыщ зыкъуэ пльытэ хъунущ сабийхэм яхуэтхэ ди адыгэ тхакІуэ, усакІуэхэм я тхыгъащІэхэр зэрыт тхылъхэу дунейм кьытехьэхэм ущызыгъэгъуэзэ напэкІуэщІ щхьэхуэ хуэхэатэмэ...

Сабийхэмрэ щІэщыкІакІуэ ныбжьыщІэхэмрэ яхуэгъэзауэ а журналым кьытехуэ тхыгъэ пломи я кьэхэхькІэми ди нэІэ тегъэтыпхъэщ. Кьыщыхэхуэ щыІэщ художественнэ гъэпсыкІэ тэмэм зымыгъуэта тхыгъи кьыщытредзэ. Ауэ щэч кьызэтумыкьэр зыщ - журналым щыкІуэхэм ятеухуэуэ кьытехуэ тхыгъэхэр адэ-анэхэми, сабий сАдхэм я Іъэсакіуэхэми, егъэджакІуэхэми, езы сабийхэми сэбэп зэрахуэхъурщ.

Журналым и лэжьакІуэхэм я пщэ хьалэн куэд кьыдохуэ ди лъэпкъым и щІэблэм анэдэлъхубзэм гу хуегъэщІынымкІэ ар тэмэму гъэсауэ кьэгъэхьун и Іуэхущ.

Япэ адыгэ сабий «Нур» журналым и ныбжьым хохуэ, зыкъуущІэ, хэкІыпІэщІэхэр зрегъэгъуэт. Дохьуэхьу журналми ар кьыдэзыгъэкІ псоми абы я нурыр зэи мыкІуэщІыну!

АБАЗЭ Албэч,
КъБКЪУ-м и доцент.

Іуэхущ1ап1эм фІым ухуишэркъым

Урысей ФСБ-м и Іъэхущ1ап1эу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм КъБР-мкІэ МВД-м и ОСБ-м щыгъуэу Наркотикхэм е6энымкІэ федеральнэ къулыкъым и управленэу республикэм щыІэм следствэмкІэ и къудамэм и следователь нэхъыжьыр Іулъхъэ кьыцІхьуу яубыдащ.

ПОЛИЦЭМ и подполковникым сом мин 30 къуритыну хуигъэуващ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям (наркотикхэр зыІэрыгъэхьныр, хьэныр, мэныр, гъэІэпхъэныр, гъэхьэзырыныр, акьылыр зыгъэутхъуэ щхьэхьыем е апхуэдэхэм елэжьыныр) ипкъ иткІэ яГъэкъуэншэ Іар илъэс 31-рэ зи ныбжь, КъБР-м хьыхьэ Теркекэ (Болэтэй) кьуажэм щыпсэуам. Абыкъэ арэзы хьумэ, уголовнэ Іуэхур щызэхагъэкІкІэ, ямыубыдыну кьигъэгугащ.

Хабзэм и хьумакІуэм Іулъхьэр кьыщрИыхьым Налшык кьалэ Щорсым и уэрамым щаубыдащ. Абы кьыкьуахащ дамыгъэ зытращІа ахьшэ мУпэрэгъэ. ЩІыпІэм кІуащ УФ-м и Следственнэ комитетым Следствэмкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм и следователхэр. Іуэхур эзхагъэкІ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Тхылъыщ1Э

«Тетраграф» ООО-м къыщыдэкІащ 7-нэ классым я «Адыгэ псалъэ» пособиер. Ар Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Бизнесымкі» и институтым, Бзэхэм зэрыхуэгъаджэ Іэмалхэр щыгъэзыІуэ и институтым и пэм кьытригъэхьащ педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат Хьэщыкіу Рае.

Мы кьыдэкІыгъуэр 5-нэ, 6-нэ классхэм яйэхэм кьыпІэщІэ гъэунэхуныгъэ тхылъщ. Адыгэбзэм теухуауэ мы гъэ еджэгъуэм цІыкІуэхэм кьащІэн хуейр зэхэгъэуващ Шэджьыхьащ Марие и структурэ метарикэр и лъабжьэу.

Тхылъым щІэзэх уэхьэсащ пэжырытхэм и хабзэхэр гъэзэщІа хьуным, псэльэкІэр егъэфІэкІуэным теухуа, нэхьапэкІэ зрагъэщІащэр и лъабжьэу ящІыгъупсыкІэ лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу ар зи Іэдакъэщ1экІым гульытэ хуищІащ бзэм и кьабзэгъым, абы и Іэпсэцыкъэм, зезыгъэужь Іуэхущ1ап1эхэм.

ЩХЬЭЩ1ЭМЫЩІ Изэ.

Іуэхущ1ап1эхэм я лэжьакІуэхэм

Іулъхьэ фІым ухуишэркъым

Урысей ФСБ-м и Іъэхущ1ап1эу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм КъБР-мкІэ МВД-м и ОСБ-м щыгъуэу Наркотикхэм е6энымкІэ федеральнэ къулыкъым и управленэу республикэм щыІэм следствэмкІэ и къудамэм и следователь нэхъыжьыр Іулъхъэ кьыцІхьуу яубыдащ.

ПОЛИЦЭМ и подполковникым сом мин 30 къуритыну хуигъэуващ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям (наркотикхэр зыІэрыгъэхьныр, хьэныр, мэныр, гъэІэпхъэныр, гъэхьэзырыныр, акьылыр зыгъэутхъуэ щхьэхьыем е апхуэдэхэм елэжьыныр) ипкъ иткІэ яГъэкъуэншэ Іар илъэс 31-рэ зи ныбжь, КъБР-м хьыхьэ Теркекэ (Болэтэй) кьуажэм щыпсэуам. Абыкъэ арэзы хьумэ, уголовнэ Іуэхур щызэхагъэкІкІэ, ямыубыдыну кьигъэгугащ.

Хабзэм и хьумакІуэм Іулъхьэр кьыщрИыхьым Налшык кьалэ Щорсым и уэрамым щаубыдащ. Абы кьыкьуахащ дамыгъэ зытращІа ахьшэ мУпэрэгъэ. ЩІыпІэм кІуащ УФ-м и Следственнэ комитетым Следствэмкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм и следователхэр. Іуэхур эзхагъэкІ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

ЛІыуКІэм яныщІат

КъБР-м щыІэ МВД-м и «Э» центрым и лэжьакІуэхэм щхьэлъыкъуэдэсым и унэр кьыщащІыну РІД гранатэ кьыкьуахащ.

ОПЕРАТИВНЭ кьулыкъухэм яІэ хьыбарымкІэ, 1990 гъэм кьалъхуа, псэупІэр зейр Щэджэм куэйм щыІэ лІыуКІ гупым яныщІащ.

Бзаджащ1эхэм я егъэзыщІэ

Урысей Федерацэм и МВД-м Щэджэм куэймкІэ и кьуажэм Щэджэм ЕтІуанэ кьуажэм и гупым кьыщагъэтащ зэман щІыхькІэ щыщсэуну щІыхуэ 6-м хуэщІа екІэзыщІэ.

АБЫ кьыщагъэтащ щІалъэ кІыхькІэ пхъумэ хьуну ерыскьыпхьэхэр, хущхъуэхэмкІэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и картэ, щыгъын. Блинда-жыр кьыгъэзащ.

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкі министерствэу КъБР-м щыІэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпщІэныгъэхэмкІэ и Інатіэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч(редактор нэхъыщхьэм и къудэзэ), **ЖЬэКІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Щ1ридий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ1о Зариф, Истэнан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

КьыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, епщІанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ -47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36;обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхэхуэмэ Іуэхущ1ап1эхэм я адъэжьхэмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэлэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхуа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкІэм.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынкІэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хитныыгъэр хьумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1ап1эм №Н-0065-м щІэту зытхащ.

Зы ильэсым газетым 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Индексыр 51531● Тираж 4.960● Заказ №172